



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 12 jiyè 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ENTWODI LEJISLASYON KI POU AMELYORE PREPARASYON AK ENTÈVANSYON ETA NEW YORK NAN SITIYASYON IJANS PANDAN YON KATASTWÒF

Gouvènè Andrew M. Cuomo te entwodi jodi a lejislasyon ki pral ede amelyore kapasite Eta New York pou l kowòdone preparasyon ak entèvansyon li nan ka sitiyaasyon ijans pandan yon katastwòf. Lejisasyon an pral fè mizajou teknik nan lwa sou ijans aktyèl yo, pèmèt Eta a aksepte sèten kado ak don pou ede ak ijans yo, epi ede enplemanntè sistèm alèt ijans NY-Text la.

“N ap asire n New York pi byen pare pou nouvo reyalyte eta nou an ki pral gen pou l fè fas ak siklòn terib ak devastatè pi souvan pase anvan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Li esansyèl pou n amelyore kapasite nou pou prepare epi reponn nan fiti katastwòf, kidonklejisasyon sa se yon pa enpòtan nan sans efò sa yo. Posibilite pou sibi yon siklòn yon fwa nan chak jenerasyon sou yon baz pi regilye se yon reyalyte, men Nouyòkè mèt rete asire gouvènman eta a ap pran tout mezi posib pou yo pare pou kèlkeswa pwoblèm ki parèt.”

Manm Komisyon Divizyon Sekirite Teritwa Eta New York ak Sèvis Ijans, Jerome M. Hauer te di konsa, “Mizajou sa yo nan lwa ijans aktyèl yo pral ranfòse preparasyon ak kapasite repons eta nou an, sa ki pral ajoute sou rezistans jeneral nou nan ka siklòn, katastwòf natirèl ak lòt gwo ijans.”

Nouvo lwa a pèmèt faks ouben lòt mòd kominikasyon elektwonik sèvi kòm yon mwayen pou sherif yo avèti Gouvènè a lè yon eta dijans spesyal deklare nan yon konte spesifik.

Biwo Jesyon Ijans (OEM) lan pral kapab kounye a aksepte tout fòm asistans tankou kado ouben machandis ou sèvis, alesepsyon lajan, ki soti nan sektè piblik ou prive pou preparasyon, repons ak redrèsman nan yon sitiyaasyon ijans katastwòf. Pou garanti transparans, yo pral kreye yon bazdone piblik pou anrejistre non donatè ak benefisyè, tip asistan ki bay la, ak valè asistans lan.

Pou fini, avanpwojè lwa sa pral ede enplemanntè sistèm NY-Text la dèske l ap bay entèmedyè founisè sèvis mobil k ap aji onon Eta a yon egzonasyon responsablite nan voye mesaj alèt nan ka ijans. Sistèm NY-Text la pèmèt voye anmas mesaj tèks nan tout telefòn san fil nan yon zòn ki chwazi anvan, pandan ouben apre yon ijans. Lejisasyon an pral bay entèmedyè egzonere founisè sèvis mobil pou nenpòt sa ki

rive soti nan transmisyon ouben echèk transmisyon yon alèt ijans lè founisè ap aji jan li dwe aji ak bòn fwa. Sa retire yon obstak nan fè kontra ak founisè potansyèl yo pandan Eta a ap mete sistèm alèt sa anplas.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418